

31 mas

Donk, pami twa moun sa yo, kilès, dapre ou menm, ki te pwochen nonm ki te tonbe nan mitan zenglendo yo. Avoka a di : Se sa ki te gen pitye pou li a. Donk, Jezi di li : Ale ! Ou menm tou, fè menmjan an ! Lik 10. 36, 37

Bon Samariten an

Kèk parabòl; Lik 10. 25-37

Rezime : Te gen yon nonm, kèk zenglendo te fin bat byen bat, yo kite l twaka mò... Yon sakrifkatè wè li, men li pase akote chemen an. Yon lòt moun relijye, ki te gen kòm responsablite pou anseye lalwa, fè menm bagay la tou. Lè sa a, yon etranje vin rive, yon samariten pèp jwif la te meprize. Ak anpil konpasyon, nonm sa a te bay malere a swen, li mennen l nan yon otèl epi li peye pou li.

Siyifikasyon : Nonm ki te twaka mò a, se nou chak ki la, lè nou poko te konnen Kris la : se chak moun nan eta natirèl li, endiferan oswa k ap fè fasafas ak Bondye. De moun relijye yo, montre nou, yon relijyon nan tout fòm ak rityèl li pa ka pote nou sekou. Etranje a, se Jezi Kris. Moun yo pa t konprann, yo meprize, ki pwoche bò kote malad yo ak konpasyon, li te geri moun ki gen lalèp epi li te fè tout moun konnen lanmou Bondye a. Li te menm bay lavi li pou sove nou.

Aplikasyon : Eske mwen ka mete m nan plas malere sa, mal fini avèk li, yo dechèpiye e ki san sekou ? Eske mwen pran men Bondye ki lonje ban mwen an, epi rekonèt se Jezi Kris ki te pwoche bò kote m, li menm sèl ka satisfè tout bezwen mwen yo ? Li vle pran swen mwen, li vle delivre m anba lamizè mwen an, pou li leve m epi mennen m yon kote pou m repoze, kote kretyen yo reyini, kote m ka jwenn swen, afeksyon, epi tande pawòl Bondye.

Gen twa leson pou aprann : rekonèt eta mwen devan je Bondye, resevwa sekou Jezi Kris, epi kite l mennen m al jwenn lòt kretyen yo.

31 mars

Lequel de ces trois te semble avoir été le prochain de celui qui était tombé entre les mains des brigands ? Il dit : C'est celui qui a usé de miséricorde envers lui. Jésus lui dit : Va, et toi fais de même. Luc 10. 36, 37

Le bon Samaritain

Quelques paraboles ; Luc 10. 25-37

Résumé : Agressé par des voleurs, un homme est laissé à demi mort... Un prêtre juif le voit, et passe de l'autre côté du chemin. Un autre homme religieux, chargé d'enseigner la Loi, agit de même. Un étranger arrive alors, un Samaritain méprisé par le peuple juif. Plein de compassion, cet homme soigne le malheureux, le conduit dans une auberge et paie son séjour.

Signification : L'homme à demi mort, c'est chacun de nous avant d'avoir connu le Christ ; c'est chaque homme dans son état naturel, indifférent ou opposé à Dieu. Les deux hommes religieux nous montrent qu'une religion de formes et de rites ne peut nous apporter aucun secours. L'étranger, c'est Jésus Christ. Incompris, méprisé, il s'est approché des malades avec compassion, il a guéri des lépreux et a fait connaître à tous l'amour de Dieu. Il a même laissé sa vie pour nous sauver.

Application : Est-ce que je me suis reconnu dans ce malheureux, vaincu par le mal, dépouillé et sans ressource ? Est-ce que j'ai saisi la main de Dieu tendue vers moi, et reconnu en Jésus Christ celui qui s'est approché de moi, qui seul répond à tous mes besoins ? Il désire s'occuper de moi, me délivrer de ma misère, me relever et me conduire dans un lieu de repos, le lieu où des chrétiens se rassemblent, où je peux recevoir des soins, de l'affection, et entendre la Parole de Dieu.

Il y a trois leçons à apprendre : reconnaître mon état aux yeux de Dieu, recevoir le secours de Jésus Christ, et me laisser amener dans la compagnie d'autres chrétiens.